қимирламай ётгани дуруст бўларкан. Тобут йўлакда, кафан ғассолнинг елкасида. Аммо мурда ҳовлида келган-кетганларга қўл қовуштириб, деразадан патнис узатиб, кўнгил сўраганларга: "Бандалик экан, қандоқ қилай..." деб юрса, жуда хунук кўринар экан", деб бошланади ҳикоя. Ана шундан сўнг қаҳрамонга очиқ муносабат билдирилади. Бу муносабат ёзувчининг изоҳи билан навбатма-навбат тўлдириб борилади. Саид Аҳмаднинг ҳикояси гарчи юморга бой бўлса-да, унда инсон табиатига хос иллатлар фош қилиб борилади, чунончи инсоннинг бир умр тирикчилик исканжасида ўзини ўтга-чўғга уриши ўлим қаршисида арзимас нарсага айланиши билан тасдиғини топади.

Хулоса қилиб айтиш мумкинки, адабий қаҳрамонни турли синовлар билан тасвирлаш, бадиий адабиётга ўлим мотивини дадил олиб кириш инсоннинг икки йўл оралиғида турганлигини ҳар дамда ҳис қилиши, айни вақтда ҳаёт деб аталмиш улкан неъматни саодат ўлароқ қабул қилиш ва шунга муносиб равишда умр кечириш аслида инсоннинг олий бахти эканлигини англатишдир. Олий бахт мезонини ўзида топган одам учун ўлим қўрқинчли эмас, балки саодатдир

**Адабиётлар**


1. Аҳмад С. Офтоб ойим. Қоракўз мажнун. – Т.: "Ўзбекистон", 2001.
2. Йўлдошев Қ. Ёниқ сўз. – Т.: "Янги аср авлоди", 2006.
3. Масаҳико Ш. Бир мўмиё кундалиги (Инглиз тилидан А.Обидов таржимаси) ziyo.uz.com.
4 Моуди Р. Ўлимдан кейинги ҳаёт. –Т.: "Меҳнат", 1992.
5. Чўлпон. Адабиёт надур. – Т.: "Чўлпон". 1993.
6. Ғаззолий Абу Ҳомид. Ўлимни эслаш китоби. –Т.: "Мовароуннаҳр", 2004.



**РЕЗЮМЕ**

Мазкур мақолада шахс фожиаси талқинида бегоналашув масаласи қай ўринда тургани тадқиқ қилинади. Шундан келиб чиқиб, шахснинг ижтимоий ҳаётда ўрнини йўқотиши кўп ҳолларда фожиа билан якунланиши бадиий асарлар учун асос бўлгани кўрсатиб берилган. Шахснинг ўзидан ва жамиятдан бегоналашуви кўп ҳолларда уни тафаккур қилувчи инсонга айлантириши, баъзан эса уни фожиавий кўламда акс этишига туртки бўлгани мақола марказига олинган.

**РЕЗЮМЕ**

В статье исследуется роль отчуждения в интерпретации личной трагедии. Таким образом, было показано, что потеря места в общественной жизни, которая часто заканчивается трагедией, является основой зарождения произведений искусства. В статье акцентируется внимание на том, что отчуждение индивида от самого себя и общества часто превращает его в мыслящего человека, а порой заставляет задуматься в трагических масштабах.

**SUMMARY**

This article deals with the concept of isolation out in interpretation of individuals tragedy. There by, it is found that losing position in society may lead to tragedy and also one of the main key of creating masterpiece of out. The article focuses on self-alienation concept of individuals, so that society transforms them as thinkers, and sometimes it evokes to think in tragedic scale.


## ҚАРАҚАЛПАҚ ҲӘМ ҚЫРҒЫЗ ПРОЗАСЫНДА ӘДЕБИЙ ТӘСИР ҲӘМ ТИПОЛОГИЯ


**Ж.О.Каниязова** - *филология илимлери бойынша философия докторы*
*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети*



**Таянч сўзлар:** ёзувчи, наср, қисса, роман, образ, қаҳрамон, драматизм, психологизм, ретроспекция, композиция, сюжет.
**Ключевые слова:** писатель, проза, повесть, роман, образ, герой, драматизм, психологизм, ретроспекция, композиция, сюжет.
**Key words:** writer, prose, story, novel, image, hero, dramatic effect, psychologism, retrospection, composition, plot.


Қырғыз жазыўшысы Ш.Айтматов халық фольклорының эпикалық дәстүрлерин үйренип, прозалық дөретпелери сюжетине сиңдиреди. Соның менен дүнья әдебиятының жаңаша эпикалық образ жаратыў тәжирийбесин өзлестирип, өз дөретиўшилигинде синтезлеп, қырғыз прозасына миллий дәстүрлери ишинде жетилискен жаңаша сүўретлеў усылларын алып киреди. Тынымсыз изленислер нәтийжесинде жазыўшы дөретиўшилигинде жүзеге келген тек ғана оның стилин белгилейтуғын сүўретлеў усыллары қәлиплести ҳәм өз дәўиринде-ақ түркий халықлары жазыўшылары ушын Ш.Айтматов дөретиўшилиги үйрениў мектебине айланды. «Ш.Айтматов дәстүрлери», «Айтматов сүўретлеў усылы», «Ш.Айтматов мектеби» сыяқлы терминлер пайда бола баслады.

Жазыўшы Ш.Сейтов та Ш.Айтматов мектебинен тәлим алғанлығын тастыйықлайды: «70-жыллары Ш.Айтматов дөретиўшилиги лирикалық прозаның мектебине айланды. Ең дәслеп мен де усы мектептен тәлим алдым. Мен Айтматовтан конкретлиликти, көркем прозада лирикадағы сыяқлы сезимлер арқалы оқыўшылардың ишки дүньясына қозғаў салыўды, қаҳарманлардың ишки дүньясын күшейтип сүўретлеўди, олардың психологиясына кирип барыў жолларын үйрендим. Әлбетте, жазыўшы тек бир ғана автордан үйренбейди, деген менен маған Шыңғыстың бергени көп. Мен оны көркем дөретиўшиликте Дж.Лондон, П.Мериме, Л.Толстой, М.Шолохов, М.Әўезов, Т.Қайыпбергеновлар менен бирге үлкен устаз санайман» деп жазған «Советтик Қырғызстан» газетасында (1982, 22-август).

Әдебиятшы Ж.Есенов жазыўшының «Шырашылар» Романындағы сюжетлик - композициялық сыпатлар да Айтматовтың дәстүрлерине уқсас келетуғынлығын ай тып өтеди [1].

Ш.Сейтов өз дөретиўшилигине Ш.Айтматовтың көркемлик тәжирийбелерин, қаҳарман образын ашып бериўдеги усыллардан, композиция қурыў, ўақыяны баянлаў усылларын дөретиўшилик пенен пайдаланған. Сонда Ш.Айтматов прозасында қандай усыллардан пайдаланды? Бул ҳаққында жазыўшының өз дөретиўшилиги туўралы жазған мақалаларында, автобиографиялық шығармаларында, сәўбетлеринде айтылады. Соның менен қатар, ең тийкарғысы, жазыўшы дөретиўшилигине илимий таллаў жүргизиў ҳәм ол туўралы жазылған илимий жумысларды үйрениў арқалы бул сораўларға жуўап табыў мүмкин.

Изертлеўлерде дыққат аўдарғанда, жазыўшы Ш.Айтматовтың шығармаларында тийкарғы қаҳарман сыпатында жас өспирим бала, жас жигит, кексе жас әўладлары таңланған ҳәм оларға байланыслы ўақыялар өзлери тәрепинен айтып берилген. Ўақыялар үшинши бетте қаҳарманлардың еске түсириўлери формасында бериў тийкарғы қаҳарманы әдеўир жасқа барып қалған ғарры образы сүўретленген шығармаларына тән болады. Биз үйренбекши болған Ш.Айтматовтың «Боранлы бәндирги» романында кейинги баянлаў формасы қолланылған. Жазыўшының бул романы 1979-жылы рус тилинде басылған болса, қарақалпақ тилине Узақбай Пиржанов тәрепинен аўдарылып, 1993-жылы «Қарақалпақстан» баспасынан «Боранлы бәндирги» деген ат пенен китап етип шығарылады.

«Көркем сюжет қурылысының тийкарғы усылларынан бири сыпатында ретроспекция өткен ҳәм ҳәзирги ўақыттың жанлы байланысын көрсетиў имканын бе-

риўши кең «тарқалған» әдебий усыл» [2:108-113],- деп есаплайды Н.Шодиев.

Шыңғыс Айтматов прозасында ўақыяларға баянлаўшы ямаса персонаж бақлаўлары арқалы баҳа бериледи, тийкарынан өтмишине дыққат қаратады ҳәм дерлик көпшилик шығармаларындағы ўақыялар баянлаўшы тилинен бериледи. Персонаж өмиринде бир ўақытлары жүз берген ўақыя тийкарында сюжет қурыў принципине әмел еткенде, олардың жүз берген ўақты менен әңгиме етиў ўақты бир-бирине сәйкес келмейди. Сюжет линияларының персонаждың ҳәзирги ҳалатынан оның «өтмишине қарай қайтыўда» күтилмеген бурылысларға ийе болыўы дөретиўшиниң санасында елеслеген ўақыяның көркем моделин жаратыўда өзгеше стиль сыпатында жүзеге келеди.

«Эпикалық шығармада баянлаўшының объектив ҳәм субъектив көринислери байқалады. Биринши жағдайда баянлаўшы «қалыс бақлаўшы» дәрежесинде турып алып барады, яғный баянлаўшы ўақыяларға араласпайды, сүўретлеў предметине мүнәсибет ашық сәўлелендирилмейди; екиншисинде болса, керисинше ўақыялар «иштен бақлап» барылады, сүўретлеў предметине мүнәсибет ҳәм ашық бериледи» [3:252]. Шыңғыс Айтматов шығармаларына бул келтирилген силтемедеги екинши баянлаў формасы тән болып, «Боранлы бәндирги»де Боранлы Едигей, «Сәрўи бойлы Нигарым»да Ильяс ҳәм Байтемир, «Жамила»да Сейит ўақыялардың тиккелей қатнасыўшысы болып, басынан кеширгенлери ҳәм өзлери гүўасы болған ўақыяларды айтып береди. Бул шығармаларда автор өзин бул гүрриңши-персонажлар «артына» қояды, ўақыяларды баянлаўды олардың өзлерине «тапсырады». Оқығанда бул шығармалардағы ўақыялар жанлы көз алдында өтип турады. Оқыўшы қаҳарман менен жақын болып қалады, қаҳарманның ишки кеширмелерин сезип, оның менен бирге қыйналып, бирге толғанады. Жазыўшы сүўретленип атырған ўақыялар ишинде, қаҳарман руўхында жасар екен, ол ҳеш ўақытта өзлигин жоғалтпайды. Яғный, өзи сүўретлеп атырған қаҳарман образына кире алады.

Шыңғыс Айтматовтың «Боранлы бәндирги» романы сюжети ретроспекциялық сыпатқа ийе болып, бунда бириншиден, бас қаҳарманның еске түсириўлери арқалы оның өтмиши қайта жанландырылса, екиншиден, қырғыз халқының аңыз-әпсаналары шығарма композициясына киритиледи. Демек, бул шығармада ретроспекцияланыў еки бағдарда әмелге асырылған.

«Боранлы бәндирги» романында Қазанғап ғаррыны Ана Бейит қәбирстанына жерлеў ушын жетемен дегенше Едигей бир әсирге тең ўақыяларды еслейди: Үкибала менен кеширген бахытлы күнлери, урыстан контузия кеселине шатылып келиўи; Қазанғап ҳәм ҳаялы Бекей оларға жәрдем қолын созғанлығы (Едигей ҳәм Үкибаланы Сарыөзекке алып келиў ҳәм шубат дәртиңе шыпа болады деп, Ақбас ҳәм Қаранарды оларға атайды); Әбиўтәлип ҳәм Зәрипалардың Сарыөзекке көшип келиўи, Әбиўтәлиптиң Қубла Бабарияда немислер қолына тутқынға алыныўы ҳәм өмириниң ақырына шекем тутқынлық тәғдирине тамға сыпатында басылып, шегиркөз Таңсықбаев тәрепинен Әбиўталип Қуттыбаевтың тек балалары ушын жазылған еске түсириўлерине сиясий айыплаў қойылыўы; Едигей Зарипаның балалары Даўыл менен Ермеклерге әкеси Әбиўтәлиптиң соңғы илтимасын (теңиз ҳаққында айтып бериўи) орынлаўы, Зарипаны жақсы көрип калыўы, лекин буны сезген Зарипаның билдирместен Сарыөзектен кетип қалыўы; Қазанғаптың баласы Сәбийтжан әкесине сай жақсы перзент бола алмаўы – ҳәмме-ҳәмме ўақыялар Боранлы Едигей еслеўлери тийкарында шығармада образлы сүўретленеди. «Ана-Бейитке баратырған бул жолда Едигениң ядына ҳәр қыйлы нәрселер түсе берди. Көк жийектен көтерилген күнге қарап, ўақыт ағымын есапқа алып, Едиге ырыл-тырыл тиришиликти, өткенкетkенди ойлай берди. Оның ядына нелер түспеди дейсең!» [4:102]. Мине, усы тақылеттеги қаҳарманның еске түсириўлерин байланыстыратуғын синтаксислик структуралар шығарма композициясынан кең орын алған.

Шыңғыс Айтматов прозасына тән болған ретроспекциялық усылды қарақалпақ жазыўшысы Шаўдырбай Сейтов дөретиўшилик пенен өзлестиреди ҳәм өз дөретиўшилигинде қолланады. Устаз жазыўшы Ш.Айтматов прозасында еске түсириўлер тек ғана бас қаҳарманға тән болса, Шаўдырбай Сейтов дөретиўшилигинде бир ўақытта, бир кеңисликте ҳәрекет етип атырған бир неше персонажлардың психологиялық ҳалатын, ишки ойларын бериў ушын қолланады. Мысалы, романның дәслепки бетлериндеги сүўретленген көринислер: ешекли ғаррыны ортаға алған Аман менен Ораз ҳәм оны аңлып киятырған Ғарлылардың ҳәр қайсысы өз ойы менен бәнт. Ғарлы өзинен әдеўир алдында кетип баратырған үшеўин де өлтирип, өзиниң басының аўған жағына кетиўди, тыныш жасаўды ойлайды. Аман өткен өмирин еслеп, енди келешеги қандай болатуғынын ойласа, Ораз ғаррының үйине тезирек жетип, тамақ тойдырыўды ойлайды. Ал олардың айдаўында киятырған Есжан ғарры биймәлел өткен күнлерин еслеп, өзиниң өмирде адамлардың пейли-ығбалын аңламай жасағанлығына өкинеди. Жазыўшы қандай да бир аўыр ситуацияға түскен қаҳарманның санасында өтмиш картиналарын (ўақыяларын) қайта тиклейди, яғный қаҳарманның яды ишки кеңислик болып, ондағы ўақыялар қаҳарманның еске түсириўлер болып, ол қаҳарман ҳәрекет етип атырған орталық-сыртқы кеңисликтеги ўақыялардың раўажланыўын (қаҳарманның ис-ҳәрекетлерин) психологиялық жақтан тийкарлап береди. Революцияны да, контрреволюцияны да мақулламайтуғын Есжан ғаррының өмириниң ең соңғы ақшамы астын-үстин болады. Қыпшақтағы әскер балаларынан хабар алыўға баратырған Есжан ғаррыны Байрамли сәрдардың нөкерлериниң тутып алып жөнсиз урып хорлаўлары, гелле қуны талап етип еки нөкерин қосып жибериўи оның ишки дүньясына қозғаў салады. Бул ўақыя қаҳарман тәғдиринде үлкен бурылыс жасайды. Есжан ғарры өткен күнлерин еске түсире отырып, «мен ҳеш кимге тиймесем, маған ким тийеди» деген пикириниң қәтелигин түсинеди.

Шаўдырбай Сейтов «Шырашылар» романында Шыңғыс Айтматовтың дөретиўшилик усылларын туўрыдан-туўры қолланбастан, оларға белгили бир ўазыйпалар жүклейди. Мысалы, Ш.Айтматов қаҳарманның еске түсириўлеринен шығарма сюжетин дүзсе, ал Ш.Сейтов «Шырашылар» романында тек Есжан ғаррының еске түсириўлерине бундай функция жүкленеди. Ал басқа Ғарлы ҳәм Аманлардың еске түсириўлери арқалы олардың өтмишин қысқа бериў арқалы, олардың қандай адамлар екенлигин көрсетпекши болады. Әсиресе, жазыўшының бул мақсети Аманның еске түсириўлеринде анық көзге тасланады: «Күнлердиң күнинде Аман өзиниң қәлесин-қәлемесин, нөкер болып кеткенин Ораздың озбырлығынан көреди. Шаржаўдағы шойынжолшылар менен болған төбелесте Ораз шаўдырлардың бир жигитин өлтирип, обаға қашып келип еди, қанның ийеси мылтығын оқлап келгенде Ораз, абыра-ай, Жыланлы жақта жүр едидағы, орнынан ағасы Аманды тутты. «Иниң тутылғанша Шаржаўда домзақта боласаң» деди. Абайлап қараса, булар кек қайтарыўшылар емес, ҳүкиўмет адамлары екен. Ташаўыздан өте берген жерде бир топар атлы шығып, екеўин туўрап-туўрап таслады. Қолын шешип қутқарғанлар Аманды обасын қайтармады. «Қайтқын келсе қайт, - деди усы күнги сәрдары Байрамәли сыңар көзин мысқыллы түрде сығырайтып. – Мойнында еки қызыл шәйтанның қаны бар, оларды қайерге, кимге, не ушын жумсағанын жумсаған адамлары жақсы биледи… ». Әне, ол усы сөз бенен қалды да барды. … » [5:8-10].

Шығарма қаҳарманы Аман жолда киятырып өткен өтмиши ҳаққында ойлап, өз жүрисиниң мәниссизлигинен налып киятыр еди. Соның менен бирге, бул еске түсириўде иниси Ораздың өтмиши ҳаққында, баспашыларға қосылып қалыў себеплери берилген.

Және бир өзгешелик, Ш.Сейтовтың жаратқан Есжан ғарры образына байланыслы еске түсириўлер қаҳарманның соңғы мәўритлерине туўра келсе, Ш.Айтматовтың романында Боранлы Едигениң тәғдири басқаша. Онда өмир даўам етеди. Шаўдырбай Сейтов қаҳарманлардың еске түсириўлерин баянлаўда үшинши бет формасынан пайдаланады ҳәм шығармада авторлық шегинислер көп ушырайды. Мысалы, китаптың 56-57 бетлеринде ҳәм т.б.

Есжан ғаррының еслеўлеринде қызыллар командири Кумингер менен ушырасыўы ҳәм оны өлимнен аман алып қалыўы, баласы Досжанның Қыпшақтағы казармасына барыўы, қоңсы баласы Аллаяр менен сөйлесиўлери, дәрьяда ширашылық еткен күнлери, еки үйден ибарат аўылдың ғалма-ғаллы күнлери, қайық урланыў ўақыясы, жаслық дәўири берилсе, соған параллель қаҳарман ҳәрекет етип турған ўақыт ўақыялары сүўретленип барады.

Демек, Ш.Сейтовтың дөретиўшиликтеги бул сыяқлы изленислери өзине тән стилин пайда етеди. Соның менен бирге көркем ўақыт ҳам көркем кеңислик категорияларының сәйкеслигин «өзгертеди».

Қарақалпақ әдебияттаныўында изертлеўшилер қарақалпақ прозасында лиризм ҳәм психологиялық сүўретлеў усылларының қолланылыўын Ш.Айтматов дөретиўшилиги тәсири сыпатында баҳалайды. Биз таллаўға тартылған Ш.Сейтовтың «Ширашылар» романында да автордың индивидуаллығын бийкарламаған ҳалда Ш.Айтматовтың дөретиўшилиги тәсириндеги шығарма сыпатында баҳаланады.

Деген менен жазыўшылар жаратқан шығармаларда бир-биринен айырмашылыққа ийе: Ш.Сейтов романда қаҳарманның өмириниң ақырғы күнлери, соңғы мәўритлеринде өткен өмирин еске түсириў арқалы инсанның өзин-өзин аңлаўға умтылысларын берсе, Ш.Айтматов қаҳарманы Боранлы Едигей пүткил адамзат тарийхындағы зулымлықларды ҳәўиж алыўы нәтийжесинде инсанның өзлигин жоғалтып мәңгүрге айланыўы проблемасы ҳаққында бас қатырады ҳәм автор бул проблеманың жүдә қәўиплилигин халық арасындағы аңызлар арқалы және де тереңирек «түсиндирмекши» болады.

Солай етип, Ш.Айтматовтың «Боранлы бәндирги» романы менен «Ширашылар» романы тек сюжет дүзилиси ҳәм композициялық қурылысы жағынан уқсас болып, ал мазмуны жағынан олар бир-бирине уқсамайды.

## Әдебиятлар

1. Есенов Ж. Алатаўдың бийик шыңы. –Нөкис: «Қаракалпақстан», 2016.
2. Шодиев Н. Горизонты эпоса. –Тошкент: Изд-во лит. и. искусство. 1986, -С. 108-113.
3. Қуронов Д., Мамажонов З., Шералиева М. Адабиётшунослик луғати. –Тошкент: Академнашр, 2013, 252-б.
4. Айтматов Ш. Боранлы бәндирги. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1993, 102-б.
5. Сейтов Ш. Ширашылар. Роман ҳәм повесть. –Нөкис: «Қарақалпақстан», 1986, 8-10-б

**РЕЗЮМЕ**

Мақолада қорақалпоқ ёзувчиси Ш.Сейтов ва қирғиз ёзувчиси Ч.Айтматов асарлари қиёсий таҳлилга тортилади. Таҳлиллар асосида ҳар икки ёзувчи асарларининг сюжет тузилиши, композицион қурилишига хос хусусиятлар аниқланади ва асарларидаги ўхшашликлар ижодий маҳорат ҳосиласи сифатида баҳоланади.

**РЕЗЮМЕ**

В статье даётся сравнительный анализ творчества каракалпакского писателя Ш. Сейтова и киргизского писателя Ч.Айтматова. На основе анализа выявляются сюжетная структура и композиционные особенности произведений обоих писателей, а сходство произведений оценивается как продукт творческого мастерства.

**SUMMARY**

The article provides a comparative analysis of the works of Karakalpak writer Sh. Seytov and Kyrgyz writer Ch.Aitmatov. Based on the analysis, the plot structure and compositional features of the works of both writers are determined, and the similarities in the works are assessed as a product of creative mastery.

# «ШӘРИЯР» ДӘСТАНЫНЫҢ КӨРКЕМЛИК АЙРЫҚШАЛЫҚЛАРЫ

(Дәстанның тийкарғы идеясы, образлар системасы, сюжетлик-композициялық өзгешеликлери ҳәм көркемлик)

**Ш.К.Кеңесбаева** – *II басқыш таяныш докторанты*

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Таянч сўзлар**: ғоя, чукур мазмун, юксак бадиийлик, образ, сюжет мотивлари ва бадиийлик, композиция ва бадиийлик, бадиий деталь, бадиий тасвир воситалари, бадиий услуб.

**Ключевые слова:** идея, образ, сюжеты мотива и творчества, композиция и творчество, художественная деталь,

**Key words**: idea, the deep thought, high artistic, image, plot motives and art, composition and art, artistic detail, artistic imaging tools, artistic style.

Ҳәр қандай көркем әдебият шығармасының, ол, мейли, фольклор, мейли, жазба әдебият шығармасы болсын көркем қунлылығы, биринши гезекте, оның идеялық мазмунының, халықтың, яки жеке автордың көркем шығармада айтылажақ болған ой-пикириниң адамзаттың алдыңғы қатар дөретиўши ой-пикирлерине қалай үлес қосқанлығы дәрежеси, яғный жоқары мазмунлық сапасы, сол мазмунды қандай көркем сөз ҳәм көркем образларда, қандай шийеленискен конфликтлер менен қандай форма ҳәм усылларда, қандай көркем детальлар ҳәм сүўретлеў қураллары арқалы қалайынша шебер сәўлелендирип бере алғанлығы менен тығыз байланыслы болып келеди. Усы көзқарастан фольклор шығармаларының, соның ишинде биз сөз етежақ болған «Шәрияр» дәстанының көркемлик қурылысына бир нәзер таслайтуғын болсақ, онда көркемликти келтирип шығарыўшы белгилер сыпатында дәстан идеясы, ондағы образлар системасы, композициялық қурылыс ҳәм көркемлеў қуралларының орны айрықша екенлигин көриўге болады. Себеби, жаманлықтың үстинен жақсылықтың, әдалатсызлық үстинен әдалаттың жеңиси, идеясы, усыған сай конкрет жаратылған қаҳарманлар образының жаратылыўында, олар арасындағы кескин гүреслер, конфликтлер арқалы өзинше ықшам форма, шебер композициялық қурылыс ҳәм көркем сүўретлеў қураллары ҳәм усыллары жәрде минде ашып берилип отырады.

Ҳақыйқатында да, «Шәрияр» дәстанының көркемлик өзгешелиги - ондағы қаҳарманлар образының халық тәғдири менен тығыз байланыслы сүўретлениўинде, халықтың рууҳый әрманларын оғада шеберлик пенен берилиўинде көринеди. Бул болса, өз гезегинде, оның тереӊ халықлық дөретпе екенлигинен дерек береди [1:304].

«Шәрьяр» дәстанының композициясы оғада шебер қурылған. Дурыс, дәстан бийперзентлик мотивиниң көркем сүўретлениўи жағынан, яғный дәстан қаҳарманы Дарапшаның көп ўақыт бийперзентлик азабын